



FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION

STATE BOARD OF EDUCATION

GERALD ROBINSON
COMMISSIONER OF EDUCATION

KATHLEEN SHANAHAN, CHAIR
ROBERTO MARTINEZ, VICE CHAIR

MEMBERS

GARY CHARTRAND
DR. AKSHAY DESAI
BARBARA S. FEINGOLD
JOHN R. PADGET



26 Out 2011

Chè paran/responsab:

Lèt sa a se pou n fè w konnen yo chwazi Local Educational Agency Palm Beach la (LEA) kòm yon LEA nan aksyon korektif ki baze sou egzjans lwa federal 2001 an ki di: Okenn Timoun Pa dwe rete dèyè (NCLB). Sa vie di LEA pa t satisfè youn oswa plis nan akonplisman akademik eta a, oswa pwen Pwogrè Anyèl Adekwa (AYP) vize nan lekti, konpozisyon, matematik, ak/oswa nivo gradyasyon pandan kat (4) oswa plis ane konsekitif. Pwogrè Anyèl Adekwa (AYP) a mezire pèfòmans tout elèv ak kèk gwoup elèv byen detèmine dapre ras/etninite, kondisyon pou yo jwenn manje midi gratis oswa pri redwi, andikap ak konpetans nan lang anglè.

Pou fè AYP gen yon sèten kantite elèv byen prepare nan chak gwoup ki dwe fonksyone nivo klas nòmal, oswa konpetan pou yo pase Egzamen Evalyasyon Konpreyansyon Florida la (FCAT) avèk yon mwayèn 2.0 nan lekti, konpozisyon ak matematik. Si yon gwoup elèv pa bay randman, se tout LEA a ki pa ranpli kondisyon AYP yo. Sa pa vie di LEA a pa echwe; sa vie di elèv yo bezwen amelyorasyon nan kèk matyè.

Tablo sa a montre pousantaj elèv ki bay randman nan LEA ou la konpare ak lòt elèv nan eta a.

Pousantaj elèv ki bay randman pou ane 2010-2011			
MATYÈ	OBJEKTIF	LEA	ETA
Lekti	79%	63%	62%
Matematik	80%	72%	68%
Konpozisyon	Apwouve 1%	WI	WI
Gradyasyon	Ogmante 2%	WI	WI

Pou plis enfòmasyon sou AYP, ou kapab vizite: <http://schoolgrades.fldoe.org/default.asp>

Ajans Edikasyon Lokal Rejyon Palm Beach la ap devlope yon Plan Amelyorasyon ak Asistans (DIAP) pou adrese akonplisman elèv li yo ak domèn kote LEA pa fè nòt pou AYP. Ou kapab gen aksè ak plan LEA a sou sit entènèt Depatman Edikasyon Florid la nan http://www.fldoe.org/1011_SIP/Login.aspx. Depatman Edikasyon Florid ap bay LEA ou la sipò nan matyè ki afèbli yo pou AYP a. Anplis, LEA ap mande pou transfere kèk fon administratif sòti nan Tit I, Pati A pou sipòte aktivite k ap amelyore siksè elèv.

Ou jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit ou. Nou envite w pou vin patisipe nan sa k ap fèt nan lekòl pitit ou a tankou:

- . patisipe nan konferans paran avèk pwofesè pitit ou a
- . patisipe nan aktivite lekòl la
- . vin yon manm Komite Konsèy Lekòl (School Advisory Council – SAC) epi
- . fè volontè nan lekòl pitit ou a

Sensèman,

Gerard Robinson
Komisyone Edikasyon